LIS VERIFIKASYON POU RETABLISMAN APRE KATASTWÒF

Pandan ou kòmanse retabli w apre yon katastwòf, genyen kèk mezi imedya epi enpòtan ou dwe pran pou sekirize tèt ou epi pou w kontinye pwosesis reklamasyon asirans lan pi vit posib.

PLAN PREPARE PROTECT
Are You Disaster Ready?

FÈ REPARASYON ANN IJANS POU EVITE PLIS DOMAJ.

Dokimante domaj ak reparasyon yo avèk resi ak foto oswa videyo. Si ou dwe jete bagay ki andomaje paske yo reprezante yon danje pou sekirite, asire w ou fè foto yo ak videyo yo.

KONTAKTE KONPAYI ASIRANS OU AN KOU SA POSIB

Rapòte ajan oswa konpayi asirans ou an domaj yo imedyatman. Fè foto ak/oswa videyo pou dokimante domaj yo epi pataje yo ak reparatè konpayi a.

ASIRE W OU GEN TOUT ENFÒMASYON KONTAK ENPÒTAN YO

Rasanble tout enfòmasyon kontak enpòtan tankou dokiman labank ak dokiman medikal ansanm ak tou ekipman medikal tou.

SEKIRIZE ENVANTÈ KAY OU

Retire envantè kay ou, tankou resi, foto ak videyo (avan domaj yo). Ou ap pataje enfòmasyon sa yo ak reparatè a tou pou evalye valè pwopriyete ki kraze a.

KONSÈVE TRAS TOUT DEPANS

Konsève tout resi konsènan nenpòt lòt depans pou w viv ak nenpòt lòt depans ou fè nan pòch ou asirans ou kapab pwoteje.

KENBE KONPAYI ASIRANS OU AN ENFÒME

Si ou dwe kite kay ou a akoz domaj yo, fè ajan oswa konpayi asirans ou an konn adrès tanporè w la ak nimewo telefòn ou. Yo ka bezwen kontakte w pou poze w lòt kesyon oswa pou di w nan ki pwen dosye reklamasyon w lan ye. Pran mezi ki rezonab pou sekirize pwopriyete w ak byen ou nòmalman pou vòlè ak krazè si ou soti nan kay la.

KONFIME DESIZYON RÈGLEMAN POU REPARASYON YO

Kontakte konpayi asirans ou an pou w asire ou w ap suiv desizyon règleman pou reparasyon yo oswa w ap itilize vandè ou pito si politik la prevwa sa.

FLORIDA'S INSURANCE CONSUMER
ADVOCATE
FLORIDA DEPARTMENT OF FINANCIAL SERVICES
Tasha Carter

ITILIZE SÈVIS PWOFESYONÈL OTORIZE EPI KI GEN BON REPITASYON SÈLMAN

Pou verifye lisans yon konpayi, ale sou sitwèb Depatman Reglemantasyon Komèsyal ak Pwofesyonèl (Department of Business and Professional Regulation) Florida a nan **www.MyFloridaLicense.com**. Mande plizyè estimasyon, verifye referans yo, epi bay peman final la apre travay la fini.

ASIRE W OU KONPRANN YON KONTRA TRANSFÈ AVANTAJ

Avan ou siyen yon akò, asire w ou konprann tèm yo epi ou konprann si w ap siyen sou avantaj asirans ou nan transfè avantaj. Yon Transfè Avantaj (AOB) se yon kontra legal ki pèmèt ou menm kòm mèt asirans lan, transfere dwa ou gen nan asirans ou a bay yon lòt moun (sesyonè), tankou yon konpayi. Lè sa a, sesyonè a gen dwa sou reklamasyon asirans lan epi li ka jwe wòl ou kòm mèt asirans lan. Sesyonè a ka touche dirèkteman pou sèvis yo; apwouve chèk nan non ou; kominike dirèkteman avèk konpayi asirans lan san konsantman ou oswa patisipasyon ou; epi pote plent kont konpayi asirans ou an.

KONPAYI KI GEN ASIRANS APWOPRIYE SÈLMAN

Pou asire w konpayi yo gen bon asirans pou responsablite ak konpansasyon travayè, al gade nan sitwèb Divizyon Konpansasyon Travayè Depatman Sèvis Finans Florida a nan **www.MyFloridaCFO.com/Division/WC**.

VERIFYE LISANS REPARATÈ ASIRANS PIBLIK YO

Si w anvizaje èd yon reparatè asirans piblik, ale chache baz done Divizyon Ajan Asirans ak Sèvis Ajans nan Depatman Sèvis Finansye a **https://LicenseeSearch.FLDFS.com** pou verifye si li gen lisans. Asire w ou konnen konbyen yon reparatè asirans piblik ap mande w peye epi ki sèvis ki ladan l avan ou siyen nenpòt kontra.

PLAN PREPARE PROTECT

Are You Disaster Ready?

Pou èd pou w konprann kontra asirans ou an oswa pou verifye lisans yon reparatè asirans piblik, kontakte **Liy Èd pou Konsomatè Asirans** Divizyon Sèvis Konsomatè nan Depatman Sèvis Finansye nan:

1-877-MY-FL-CFO (693-5236)

www.MyFloridaCFO.com/Division/Consumers

Pou plis enfòmasyon sou retablisman apre katastwòf, tanpri ale sou sitwèb Defansè Asirans Konsomatè a:

www.MyFloridaCFO.com/Division/ICA

850.413.5923

@YourFLVoice

YourFLVoice@MyFloridaCFO.com

FLORIDA'S INSURANCE CONSUMER ADVOCATE

FLORIDA DEPARTMENT OF FINANCIAL SERVICES

Tasha Carter

Pou èd pou w konprann règleman asirans ou an oswa pou verifye lisans yon reparatè asirans piblik, kontakte Divizyon Sèvis Konsomatè nan Depatman Sèvis Finansye (Department of Financial Services' Division of Consumer Services' Insurance Consumer) nan:

Liy Èd Konsomatè Asirans
1-877-MY-FL-CFO (693-5236)